

Anplasan	<p>Capital Digestive Care gen anpil biwo lokal ak sant andoskopi, epi kèk nan yo tou pre anpil youn ak lòt. Sèvi ak planifikasyon pou anvan pwosedi a ak fich konsèy ki atache yo pou ede ou rive nan bon kote a ak nan bon lè a.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Pasyan sant andoskopi yo dwe rive 45 minit alavans, epi pasyan lopital yo 1 èdtan alavans pou akonpli aktivite admisyon yo pou pwosedi ou an.
Sekirite pou COVID	<p>Tout pasyan dwe fè tès pou COVID nan 96 èdtan yo ki anvan pwosedi yo a – nou pral planifye randevou sa a nan moman nou pwograme pwosedi ou an.</p> <p>Pasyan yo dwe respekte tout dekrè egzekitif ki aplikab yo ak direktiv Eta ak direktiv lokal yo konsènan itilizasyon mask, distans sosyal ak vwayaj, sitou ant moman tès COVID ou an ak pwosedi ou an.</p> <p>Si ou pa respekte kondisyon yo pou nenpòt nan sa ki anwo la a, sa pral lakòz anilasyon pwosedi ou an.</p>
Medikaman yo	<p>Pale avèk doktè ou konsènan nenpòt medikaman oswa sipleman ou pran regilyèman. Piga sispann okenn medikaman sou preskripsyon sòf si doktè ki preskri ou an ba ou lòd pou fè sa.</p>

Règleman Jeneral yo:

Transpò	<p>Gen kèk aktivite, tankou kondi, ki pa otorize nan èdtan yo ki apre pwosedi ou an. Fè aranjman pou yon moun ba ou woulib, yon moun ki ka pran responsablite pou swen ou (laj plis pase 18 lane). Li dwe rive tousuit 1 èdtan apre lè pwosedi ou an, men pa pita pase 4:30 pm. Sèvis transpò yo, tankou Uber, Lyft, sèvis taksi, elatriye pa otorize.</p>
Anilasyon	<p>Kabinè nou an mande notifikasyon anilasyon oplita nan senk (5) jou ouvrap, otreman, gen yon frè \$150 ki pral aplike.</p>

Preparasyon ou an mande restriksyon alimantè ki annapre la yo: REJIM ALIMANTÈ LIKID KLÈ apre 11:00 pm lavèy pwosedi ou an.

Preparasyon sa a mande pou ou swiv yon rejim alimantè likid klè apre 11:00 pm lavèy pwosedi ou an. Swiv direktiv yo pou lè ou dwe kòmanse ak lè pou sispann preparasyon ou an.

Si ou pa swiv direktiv yo, sa gendwa lakòz anilasyon pwosedi ou an – se pou sekirite ou.

Otorize avèk yon rejim alimantè likid klè*: Dlo, Ji pòm, ji rezen blan ak kranberi blan, bouyon, te, kafe (san lèt, san krèm ni ranplasan lèt oswa krèm). Jell-O, Glas Italyen, soda, popsicle. (*okenn nan sa yo pa ka gen koulè wouj, jòn abriko oswa vyolèt, ni yo pa dwe gen chè fwi.)

PA konsome:

- Likid oswa pwodui koulè wouj, jòn abriko, oswa vyolèt.
- Lèt, krèm oswa ranplasan ki pa abaz lèt (tankou krèm atifisyèl, soya oswa lèt abaz nwa).
- Ji ki gen chè (sètadi ji zoranj, chadèk, anana, tomat ak V-8) oswa pwodui ji jele ki gen chè.
- Manje solid ant 11:00 pm lavèy pwosedi ou an jiska apre pwosedi ou an.

√ **5 JOU ANVAN PWOSEDÌ A:**

- Se dènye jou pou anile pwosedì ou an san sa pa lakòz yon frè pou anilasyon anreta, dapre règleman.
- Si w ap pran siplemman fè, sispann yo jiskaske pwosedì ou an fini.

NAN JOU <u>ANVAN</u> PWOSEDÌ A		
11:00 pm	<ul style="list-style-type: none"> • Pasyan yo pa ka pran okenn manje solid apre 11:00 pm nan lannwit anvan pwosedì a. • Ou dwe bwè likid klè sèlman apati 11:00 pm jiska 3 èdtan anvan pwosedì a. • Pa konsome anyen nan bouch 3 èdtan anvan lè pwosedì ou an. Gade anba a pou jwenn eksepsyon pou medikaman yo. SI OU MANJE OUBYEN BWÈ NAN PERYÒD 3 ÈDTAN SA A, PWOSEDÌ A KAPAB RANWAYE OUBYEN ANILE. 	
PA KONSOME APATI 11:00 PM LAVÈY PWOSEDÌ OU AN JISKA APRE PWOSEDÌ OU AN <ul style="list-style-type: none"> • Manje solid. 	OTORIZE LAVÈY PWOSEDÌ OU AN EPI APRE SA, SÈLMAN ANT 11:00 PM AK 3 ÈDTAN ANVAN PWOSEDÌ OU AN <ul style="list-style-type: none"> • Likid: Dlo, Ji pòm, ji rezen blan ak kranberi blan, bouyon, te, kafe (san lèt, san krèm ni ranplasan lèt oswa krèm) soda, Kool-Aid, Gatorade. • Jell-O, Glas Italyen, popsicle. 	PA KONSOME ANT 11:00 PM AK 3 ZÈDTAN ANVAN PWOSEDÌ OU AN <ul style="list-style-type: none"> • Likid oswa pwodui koulè wouj, jòn abriko, oswa vyolèt. • Lèt, krèm oswa ranplasan ki pa abaz lèt (tankou krèm atifisyèl, soya oswa lèt abaz nwa). • Ji ki gen chè (sètadi ji zoranj, chadèk, anana, tomat ak V-8) oswa pwodui ji jele ki gen chè. • Manje solid.

NAN <u>JOU</u> PWOSEDÌ A	
Medikaman yo	<ul style="list-style-type: none"> • Pran medikaman ou pou tansyon, Parkinson, kriz oswa opresyon. Tanpri pran medikaman sa yo 3 èdtan oswa plis anvan lè kòmansman pwosedì a epi avèk sèlman yon ti gòje dlo. • Si yon doktè te preskri yon inalètè pou ou pou opresyon, pote l avèk ou nan pwosedì a.
Lèt Machaswiv	<ul style="list-style-type: none"> • Pote ID foto ou, kat asirans ou yo ak ko-peman, si sa nesèsè. • Mete rad ki konfòtab. Pa mete bijou ni pa pote bagay ki gen anpil valè. • Pa mete pafen ni losyon.

Dat pwosed	
Lè pwosed	
Lè pou rive	
Non ak adrès kote	
Non moun k ap bay woulib pou mennen ou lakay ou	
Relasyon	
Nimewo telefòn	